Ассаламу гІалайкум!

# ЦІумадисезул гьаракь

Голос Цумады

2017 соналъул
15 декабрь
РУЗМАН
№ 51
(7486)
Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда
Багьа 8 гъурущ
12+

ЦІУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА


**Барки**

## Россиялъул Конституциялъул къо

**ХІурматиял районцоял!**

Баркула нужеда пачалихъиял байрамазул аслиязул цояблъун кколеб пачалихъияб байрам- Россиялъул Федерациялъул конституциялъул къо!

1993 соналъул 12 декабралда тІолгохалкъалъулаб референдумалда къабул гьабуна Россиялъул Федерациялъул пачалихъиябгун жамгІияб гІуцІи ва инсанасул ихтияралъул эркенлъаби щулалъизари рихьизарураб Аслияб Закон.




Россиялъул конституция ккола нилъер пачалихъ демократияб рахъалъ цебетІеялъе, ракълие, миллияб цолъиялъе ва жамгІияталъул гъудуллъи щулалъиялъе щулияб къучІлъун. Конституциялъ щивасе рес къуна жигараб байбихьи лъезе эркенлъи ва творчество гІумруялда бахъинабизе, гІумру цебетІезабизелъун гІуцІарухъанлъиялъулаб пайдаяб хІалтІи гьабизе.

Божилъи гьабула Россиялъул конституциялда мугъчІвайги гьабун, Дагъистаналъул халкъгун цадахъ лъугьун, нилъер районалъул гІадамазги хІаракат бахъилин халкъалда гьоркьоб цолъи, вацлъи ва рухІияб цебетІей цІуниялъулъ церечІарал масъалаби тІуразарилин.

**Районалъул бетІер АнвархІажи Вечедов**

## Инвалидазул къо кІодо гьабуна

11 декабралда Агъвали тІобитІана халкъазда гьоркьосеб инвалидазул къоялда хурхизабураб тадбир. Гьениб гІахьаллъи гьабуна халкъалъе социалияб рахъалъ хьулухъ гьабулезул централъул нухмалъулей Марзигат МухІамадовалъ, халкъ социалияб рахъ цІуниялъул централъул начальникасул заместитель Заур ДжахІпаровас, райадминистрациялъул ва культураялъул хІалтІухъабаз. Тадбиралде ахІун рукІана къогоялдаса цІикІкІун райцентраялда аскІор ругел росабалъан инвалидал, лъимал-инвалидал ва гьезул хъизамал. Гьелгун гьаруна гара-чІвариял, халгьабуна гьезул рукІа-рахьиналъул, гІуцІун букІана цебеккун хІадурун букІараб рохалилаб программа-концерт, столал цІун рукІана батІи-батІиял кванил ва пихъил нигІматазул. Данделъаразда байрам баркана Марзигат МухІамадовалъ, Заур ДжахІпаровас, Узлипат ГІалиевалъ. Гьединго инвалидазда байрам баркизе рачІун рукІана Агъвали лъималазул ахазул гьитІичал.



Гьедин рохалида кечІ-бакъаналда, кванан-гьекъон тІобитІана инвалидазе тІобитІараб тадбир. Жидее гьабураб хьулухъалдаса рази хутІана инвалидал.

Ахиралда Марзигат МухІамадовалъ баркала загьир гьабуна тадбир тІобитІизе спонсорлъи гьабурал ЦРБялъул хІалтІухъаби Сагьират Сулеймановалъе, МухІамад Аминовасе, Мадинат МухІамадовалъе, Ризван ГьазимухІамадовасе, ГІисматула Бадрудиновасе, Муслимат МухІамадовалъе, предпринимателал- ПатІимат МухІамадовалъе, Басират МуртузагІалиевалъе, Заира Шамсудиновалъе, ХІанат МухІамадовалъе, Нажмудин Мукуевасе ва гьединго ЦСОНалъул хІалтІухъабазе. Аллагьас киназулго садакъа къабулаб батаги. Амин.

**Заурбег ЖахІпаров,** УСЗНалъул нухмалъулесул заместитель

# ЦІаялъ рахІму гьабуларо

**Анкьабилеб декабралда къаси сардил кватІараб гІужалъ ТІадгъаквари росулъа ГІисалов МухІамадие цІаккеялъ кІудияб зарал гьабуна.**

Росу къижилалде цебеги кинабгІаги гІаламат букІинчІо ТІадгъакварисухъе бальгояб балагь бачІинилан бицунеб. Амма балагь гьикъун бачІунаро, гьикъичІо гьелъ, кидаго гІадин, гьаб нухалдаги ТІадгъаквариса МухІамад МухІамадовасул рукъалъул нуцІида кІутІулаго.



Декабралъул кватІараб сардилъ Интернеталдасан футболалъухъ балагъун вугев Шамил, циндаго интернет-бухьенги тІагІун, кьватІиве вахъуна роутер рекъезабилин ва бихьула живго жанив вукІарабункъачол минаялъул тІохдасан бурун бачІунеб цІагун кІкІуй. Гьес рорчІизарула кьижун рокьор рукІарал жиндирго вацгІал Ильясгун рокъосел ва ахІи бала росулъе.

Цо чи гІадин, кьватІире рахъана тІадгъакварисел, кумекалъе тІаде щвана гьоркьгъаквариселгун цІедакьисел, амма цІаялъ рахІму гьабичІо-бухІун, рахъу лъугьун, гІодоб лъуна кьогоялдасан цІикІкІун соналъ гьабураб магІишат. Аллагьасул талихІалъ, хьизан-лъималазе ва боцІуе зарал ккечІо, Аллагьас цІунаги бальгоялгун тІатарал балагьаздасан киналго. Амин…

Хасел жиндирго ихтиялде лъугьана, цІикІкІана ток-газалдасан пайда босун ва печал раккун, рукъзал хинлъизарулезул къадар. Къойидасан къойиде цІикІкІунел руго бигьалъаби яшавалъе, амма гьелдаго цадахъ цІикІкІунеб буго инсанасул гІумруялъе хІинкъи бугольиги. Токалдасан рахъизе кІочон тун ратула токалъул алатал яги свинабизе кІочон баккараб газ, печь, хасго бухІараб рахъу нахъе балаго, гьелда тІаде ракь базе. ЦІа ккеялдаса цІуниялда хадуб хъаравуллъи букІинабулезул рагІабазда рекъон, токалдасан ккун буго МухІамадил рокьобги цІа. Рукъзабахъ пучдул раккулел ругониги, ккола хасало токалъул алатаздасан пайда босулел цІикІкІиналъ, токалъул къуват дагьлъиялъ, кваразде щолеб хІал цІикІкІун, кваразда цІа рекІиналъул хІужаби. Хасго тІохазда. Дагьаб гурелъул нилъер хІажалъулареб алаттІагІел букІунеб тІохаздаги сокІкІун. Цо багьана батун, ккараб цІаялъ рачунел руго пашманал хІасилазде.



Лъидаго гьикъуларо бальгоял балагьаз, щивго гьелдаса цІунаравги гьечІо, амма нилъецаги гІамал гьабейилан бугелъул, бокьун буго районцоязда гьаризе, токалда, газалда ва цІаялда сверухъ дагьаб цІодорлъи гьабеян, цІуна-къаралльун рукІаян.

Цо лахІзаталда жаниб тІолго магІишаталдаса махІрумлъарав МухІамад, жиндирго документал цІигьаризеян УСЗНалде вачІарав чи редакциялдеги ахІун, гьесда гьара-рахьи гьабун, гьикъа-бакъарулаго, хасел бакьулъ кьватІир хутІарал дирго гІагарал чагІаздехун гурхІалил ва дидаго бичІчІулареб хІинкъиялъул асар букІана черхалда…

Буго цоги аби, къварилъи ккедал лъалин чиясул хІал абун. Гьебго сордоялъ ахІи бана «Инсан» фондалъул хІаракатчагІаз социалиял гьиназдасан къварилъи ккаразе рес рекъараб, ракІ разияб кумек гьабеян. Жакъа къоялдаги камулел гьечІо МухІамадил хъизаналъе кумекалъулаб квер бегьулел. Гьесги ракІ-ракІалъулаб баркала загьир гьабулеб буго жиндир къварилъи гІахьал гьабуразе, цІа свинабизе гІахьаллъаразе ва гьарулеб буго тІолго рокьцоял бальгоял балагьаздасан цІунун хутІагиян.

**Хадижат Залимханова**

Фазу ГIалиева гьаюралдаса-85 сон

# ШагIиралъул творчествоялда хурхараб тадбир



Районалда тIоритIулел руго Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиева гьаюралдаса 85 сон тIубаялда хурхарал тадбирал. Гьединаздаса цояб ккола анкьабилеб декабралда Агъвали Къади Абакаровасул цIаралда бугеб гимназиялда тIобитIараб шагIиралъул кучIдул пасихIго ракIалдасан рикIкIиналъул, гьелъул творчествоялъул ва гIумрудул хIакъалъулъ бицараб щуабилел классазда гьоркьоб тIобитIараб конкурс.

Тадбир байбихьилалде цебе шагIиралъул гIумрудул ва творчествоялъул хIакъалъулъ гьитIинабго кIалъай гьабуна авар мацIалъул мугIалим ПатIимат Зиявдиноваль. Конкурсалъул тIалабазул аслиябльун букIана Фазу ГIалиевалъул гIумруялда ва творчествоялда хурхарал суалал, кечI, къурди, театралияб сценка ва Фазу ГIалиевалъул хIакъалъулъ цIалдохъабаз жидецаго кечI гьаби.

Гьениб гIахьаллъарал щуабилеб классазул цIалдохъабазул «Дагъистаналъул цIваби», «ГIангурбацIал», «Дагъистаналъул ясал» ва «МагIарулазул ясал» командабаз жигар бахъулеб букIана шагIиралъул творчествоялъул хIакъалъулъ жидедаго лъалебщинаб загьир гьабизе. Бихьулеб букIана



цIалдохъаби конкурсалде лъикI хIадурлъун рукIин ва шагIиралъул творчествоялъулгун гьезул лъикIаб лъай-хъвай букIин.

Жюриялда рукIана чIахIиял классазул цIалдохъаби. Конкурс байбихьарабго бихьана лъималазда гьоркьоб бугеб чIаголъи, гьезул рохи ва рергьине бугеб къасд. Жюриялъул къиматазда рекъон конкурсалда бергьана 5 «а» классалъул «Дагъистаналъул цIваби» команда, кIиабилеб бакI щвана «МагIарулазул ясал» ва лъабабилеб бакI -«Дагъистаналъул ясал» командабазе.

Бергьаразе ва призеразе къуна данде кколел даражабазул грамотаби. Ахиралда ПатIимат Зиявдиноваль баркала къуна гIахьаллъарал командабазе ва гьенире кумекалъе рачIарал улбузе.

**МухIамад Къасумов**

# ГьитIичаз улбузда байрам баркана

**Квен кьурайги мун, эбел,**
**Кеч1 кьурайги мун, эбел,**
**Квер кьурайги мун, эбел,**
**Бер кьурайги мун, эбел.**

**Расул ХIамзатов.**




«Эбел», «баба» гьел ккола тIоцебе лъимералъ бабадулеб мацIалъ абулел тIоцересел рагIаби. Гьел рагIаби кIудиязги гIисиназги ахIула къварилъи ккаралъубги, рохел щваралъубги.

Лъималазе гьел лъугьуна гIумрудул магIналъунги, гвангьилъунги, рохеллъунги. Жидерго улбузде бугеб рокьи гьез къойил загьир гьабулаан, жеги гIатIидго гьеб бихьизабулаан гьезул байрам бугеб къоялъ. Гьале ноябрь моцIалъул ахиралда нилъер улкаялда кIодо гьабуна Эбелалъул къо. Гьелда хурхарал тадбирал тIоритIана Агъвали лъималазул «Бакъ» ахалдаги.

Улбулгун умумул гIахьаллъарал щибаб группаялъул церерахъиназ киназего лъикIаб асар гьабуна. Лъималаз ахIана улбузе сайгъат гьарурал кучIдул, гьаруна къурдаби, улбузе сайгъат гьаруна жидерго квераз хIадурарал сайгъатал гун тIугьдул, гьарана сахлъи, халатаб г1умру ва талих1.

Жигараб гIахьаллъи гьабуна гьел тадбиразулъ тарбиячагIи ПатIимат МикIмухIамадоваль, Аминат МухIамадоваль ва Зугьра МухIамадоваль.

Гьезул хIалтIуе лъикIаб къимат къун, баркала загьир гьабуна «Бакъ» ахалъул нухмалъулей Узлипат МухIамадовалъги.

Улбузул рахъалъан байрам баркун кIалъана Касимат МухIамадова.

Гьедин аваданго ва хIурматалда кIодо гьабуна гьитIичаз улбузул къо.

**Зулфия Сажидова**

# ХIадурлъи бугони, хIинкъи дагьаб букIуна



-РакIалдаго гьечIеб квач,-ян абула гIемерисез, хасго хIукуматалъул хIалтIухъабаз, хаселалъ циндаго я цIорой къун, я кутакаб гIазу бан- жиндирабго гьабидал. Ва кидаго букIуна цого хабарги: «Гьадин ккелин рукIинчIо, гьалдего иш ккелеблъи лъачIо»,-ян. ГIадада абуларо гIакъилал умумуз чагъана риидалго хIадурун теян. Гьеб кици гIадатияб ишлъун буго районалъул нухазул -ДЭП-40 идараялъул хIалтIухъабазе. Гьез хасалил ракIалдаго гьечIел «сайгъатазде» хIадурлъи цебеккунго гьабун тола: шагьранухлул эхедераял, сверелаби ва цогидалги квекIенал ругел бакIазде, хIажалъи ккедал хIалтIизабизе, бан тола цIамгун жубараб салиракь. Щибаб къойил рихьула ДЭП-40-алъулал районалъул нухазда хIалтIулел-Аллагьасул кириги, гIадамазул баркалаги цIикIкIараб хIалтIи гьабула: я гамачI-гьегъалдасан бацIцIулел, я гвендал рацунел, я гIазу-цIер бугеб бакIазде сали балел.

Гьебго хIалтIи букIана гьезул Шамил ГIумаровасул бетIерлъиялда гьоркь гьал къоязги. ГIандигIоралда тIасан лъураб кьодасан байбихьун, редакциялъул эхедерай рагIалде щвезегIан, цIер къалел бакIазда базе цIамхIалаб сали бана гьез бакI-бакIазде. Аллагьас кири кIодо гьабеги. Гьединаб хIадурлъи бугони, хIинкъи дагьаб букIуна хасало нухазда хьвадиялъул, автоавариял ккеялъул. ГIамал гьабейин аманат гьабун бугелъул БетIергьанасги, нилъерго хIинкъигьечIолъи нилъехъ кодоб-хъатикьги бугелъул, цохIо нухалъул идараялъул хIалтIухъабазда бан течIого, росабалъ гваял гьаризеги бегьила, райцентралда ругезги жидер мина-карт сверун гIаздадаса бацIцIад чIезабуни, зарал лъиего ккеларо, хайир гуреб. Гьеб рахъалъ лъикIаб мисал, кидаго гIадин, ДЭПалъулазги бихьизабулеб бугелъул.

**Хадижат Залимханова**

# Поставщик газа требует оплатить долги до Нового года

В преддверии новогодних праздников компания «Газпром межрегионгаз Махачкала» обращается к абонентам – должникам с требованием исполнения платежных обязательств. Потребителям, имеющим задолженность за потребленный газ, необходимо срочно погасить ее.




ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» напоминает абонентам, что неоплата или неполная оплата потребленного газа в течение двух месяцев является основанием для приостановления газоснабжения.

Должникам регулярно вручаются уведомления от поставщика газа с напоминанием о незамедлительной оплате и о возможном ограничении поставки газа, однако зачастую извещения игнорируются. У некоторых злостных неплательщиков сумма долга исчисляется десятками и сотнями тысяч рублей. В связи со сложившимися обстоятельствами в ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» повсеместно активизирована работа по ограничению поставки газа должникам.

В целях создания комфортных условий для обслуживания абонентов в последнем месяце года, руководством ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» принято решение изменить график работы территориальных участков и абонентских служб расположенных в городах и районах Дагестана. Согласно распоряжения, абонентские службы будут работать и принимать оплату за потребленный газ все субботы декабря месяца. Абоненты могут узнать свой долг, сверить платежи за газ и оплатить задолженность.

**ПРЕСС-СЛУЖБА**
**ООО «ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ МАХАЧКАЛА»**

«Редакция газеты «Щумадисезул гьаракь» («Голос Цумады»)» Муниципальное унитарное предприятие, сокращенно МУП «РГГЦ»

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич

Жавабияй секретарь Залимханова Хадижат МухIамадовна

ТЕЛЕФОНАЛ:
Редакторасул 2-52-44
Жавабияй секретаралъул 2-52-92

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цlумада район, Агъвали росу.

«ЦIУМАДИСЕЗУЛ ГЬАРАКЬ» газета гIуцIараб: «Щумада район» муниципалияб районалъул администрация

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере массовых коммуникаций, связи и охраны культурного наследия по Республике Дагестан. Свидетельство о регистрации ПИ №ФС 05-0005 от 20 августа 2008 г.

Газета бищана редакциялъул компьютеразул цехалда

Газета къватIибе биччана РГЖТялъул типографиялда. Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Петр I-сул проспект, 61

Редакциялъул пикру кидаго гуро рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб къола гьезул автораз.

Газеталъул индекс: бащдаб лъагIалие - 51377 лъагIалие - 63302 Тираж -2310 Заказ ---

Графикалда рекъон газета къватIибе биччазе гъулбасизе кколаан 17 с. 00 мин. ХIакъикъаталда гъулбасана 16 с. 45 мин.

Газеталъул электронниябадрес: Golostsumady@mail.ru

## Колонка прокурора



### Изменения в законодательстве о водоснабжении и водоотведении

Федеральным законом «О внесении изменений в Федеральный закон «О водоснабжении и водоотведении» и отдельные законодательные акты Российской Федерации» (принят Государственной Думой 19 июля 2017 года и одобрен Советом Федерации 25 июля 2017 года, подписан Президентом Российской Федерации 01 августа 2017 года) внесены изменения в законодательство о водоснабжении и водоотведении.

Федеральный закон направлен на совершенствование правового регулирования отношений в сфере водоснабжения и водоотведения и регламентирует отношения между организациями, осуществляющими водоснабжение и водоотведение, и их абонентами.

Федеральным законом устанавливаются новые подходы к нормированию в сфере водоотведения, исчислению и взиманию платы за сброс загрязняющих веществ в составе сточных вод.

В этих целях Федеральный закон «О водоснабжении и водоотведении» дополняется новой главой 51 «Регулирование сброса сточных вод в централизованные системы водоотведения» и вводятся новые понятия: «локальное очистное сооружение или устройство», «нормативы водоотведения по составу сточных вод», «централизованная система водоотведения поселения, городского округа».

Федеральный закон «О водоснабжении и водоотведении» приводится в соответствие с новыми требованиями законодательства Российской Федерации в области охраны окружающей среды. В частности, признаётся утратившей силу глава 5 «Обеспечение охраны окружающей среды в сфере водоснабжения и водоотведения» этого Федерального закона и вносятся соответствующие изменения в Федеральный закон «Об охране окружающей среды» (вводится новая статья 781, устанавливающая особенности возмещения вреда окружающей среде при сбросе загрязняющих веществ в водные объекты через централизованные системы водоотведения поселений и городских округов).

Федеральным законом также вносятся необходимые изменения в Водный кодекс Российской Федерации и Федеральный закон «О рыболовстве и сохранении водных биологических ресурсов».

### Разъяснение требований законодательства по эпидемическому паротиту

В связи с многочисленными обращениями жителей Цумадинского района разъясняем, что в соответствии с абзацем 6 ч.1 ст. 5 Федерального закона от 17.09.1998 № 157-ФЗ «Об иммунопрофилактике инфекционных заболеваний» граждане при осуществлении иммунопрофилактике имеют право на отказ от профилактических прививок.

В соответствии части 2 указанной статьи отсутствие профилактических прививок влечет, в том числе временный отказ в приеме граждан в образовательные организации в случае массовых инфекционных заболеваний или при угрозе возникновений эпидемий.

Из постановления главного государственного санитарного врача по РД в Ботлихском районе № 1 от 01.12.2017 «Об осложнении эпидемической ситуации по эпидпаротиту в Цумадинском районе и мерах по предупреждению ее распространения» следует, об ухудшении в Цумадинском районе эпидемической ситуации по эпидемическому паротиту.

Также для сведения сообщаем, что согласно информации из ГБУ РД «Центральная больница» Цумадинского района, следует, что за 11 месяцев 2017 года в районе зарегистрировано 40 случаев эпидемического паротита.

**Ильяс Вакилов**, прокурор района

## Налоговая служба

Федеральным законом от 30.11.2016 № 401 -ФЗ статья 83 Налогового кодекса Российской Федерации дополнена пунктом 7.3 в соответствии с которым постановка на учет (снятие с учета) физического лица (за исключением лиц, указанных в статье 227.1 настоящего кодекса), не являющегося индивидуальным предпринимателем и оказывающего без привлечения наемных работников услуги физическому лицу для личных, домашних и (или) иных подобных нужд. В указанном качестве осуществляется налоговым органом по месту жительства (месту пребывания - при отсутствии у физического лица места жительства на территории Российской Федерации) этого физического лица на основании представляемого им в любой налоговый орган по своему выбору уведомления об осуществлении (о прекращении) деятельности по оказанию услуг физическому лицу для личных, домашних и (или) иных подобных нужд.

**Наида Газимагомедова,** специалист МРИ РФ № 12 по РД

## Военный комиссариат

Военный комиссариат района осуществляет призыв граждан на военную службу. Отрадно отметить, что желающих исполнить свой долг перед государством становится все больше, особенно среди лиц с высшим и средним профобразованием. Также отметим, что призывники могут заменить службу по призыву на контрактную и военный комиссариат района проводит набор на службу по контракту.

Современные военные ВУЗы в ведомстве Министерства обороны ведут подготовку курсантов по широкому перечню профессий. Выпускники военно-учебных заведений востребованы не только в Вооруженных Силах РФ, но и в гражданской жизни.

Просьба к призывникам и их родителям не уклоняться от службы, быть подготовленными морально и физически к исполнению долга перед Родиной.

**Хабиб Хабибов,** военный комиссар района

## Спорт-спорт

# Цихалахъа боксерал



Араб анкьалъ Санкт-Петербургалда тIобитIараб ТIолгороссиялъул боксалъул турниралда 81кг. цIайиялда тIоцебесеб бакIги ккун, Россиялъул чемпионлъун вахъана ЦIумадистаналъул Ункъракьалдаса Цихалахъ росулъа Шамхалов ВахIидил вас МухIамадил АхIмад! Гьев вуго жеги 18 сон тIубачIев гIолилав. Гьесда данде рахъарал гIолохъаби рукIана Россиялъулги Европаялъулги чемпионал, жидер гIумрудулги 21-22 сонал ругел. Киналгоги



къезарун, чемпионасул меседил медальги босун Дагъистаналде тIадвуссана нилъер АхIмад. Божула, гьев гIолохъанчияс спорталъул бищунго тIадегIанал шапакъаталги росун, жегиги нилъ чанцIулги рохизаризе рукIиналда. Гьесулго гьитIинав вац Адамги ккола жеги 16 сон тIубачIониги, боксалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпион.

Гьев кIиявго вацасул цIарал ракIалда чIезаре нужеца! Гьез тIолго дунялалда гъугъазаризе руго, Олимпиялъул чемпионлъиги босун, ЦIумадистаналъулги Дагъистаналъулги цIарал.

Ин ша Аллагь! Аллагьасул квербакъи камугеги гьел гIолохъабазе!

**ХIажи Билалов,** Курск шагьар

# ТIадгьаквариса рекерухъаби

3 декабралда Дербенталда тIобитIана 2000 сональ гьарурал ва гьездасан кIудияб гIелалъул гIолилазда гьоркьоб рекериялъул рахъалъ шагьаралъул рагьарал къецал.




Гьенир гIахьаллъарал ТIадгьаквариса МухIамадов МухIамадхIажие 1000 метралъул манзилалъ векерун щвана тIоцебесеб ва лъабнусго метралъул манзилалда - лъабабилеб бакIал, ГIусманов Ражабица 1000 метралъул манзилалда векерун ккуна лъабабилеб бакI.

Баркула МухIамадхIажидагун Ражабида ва гьезул тренер ХIамзатов ГIабдулкаримида щварал бергьенлъаби.

**МухIамад Къасумов**

## Выпускник-2018

Халкъ хIалтIудалъун хьезариялъул рахъалъ районалда бугеб централъ 13 ноябралдаса байбихьун 13 декабралде щвезегIан районалда тIобитIана исанасел выпускниказе махщел бищиялъулъ кумек гьабураб «Выпускник-2018» абураб месячник.

Гьеб тадбир тIобитIиялъул мурадлъун букIана исанасел выпускниказе гьаб заманалда хIажалъи бугел пиша-махщелал тIаса рищизе кумек гьаби.

**ПатIимат Бадрудинова,** ЦЗНалъул хIалтIухъан

**Приложение №2**
**к решению №1 сессии Собрания депутатов**
**МР «Цумадинский район» от 30.11.2017 г.**

**Структура и штатная численность работников МКУ «Управление образования» МР «Цумадинский район» на 2018 год**

Начальник управления – 1 ед., зам. нач. управления – 1 ед., зам. нач. управления – зав. ИМЦ – 1 ед., методист- 9 ед.,юрисконсульт – 0,5 ед., секретарь – 1 ед., водитель- 2 ед., сторож -1 ед., уборщик служ. помещений – 2 ед., техник ЭВМ – 1 ед., бухгалтер – 4 ед., курьер – 1 ед.

**Итого 24,5 штатных единиц.**